



Dekouvri pwochen djòb ou nan yon restoran Boston.

Jwenn respè ak yon kote ou kapab briye, kèlkeswa kimoun ou ye.

Pwogram Revitalizasyon Restoran (Restaurant Revitalization Program, RRP) lan se yon pwojè-pilòt sou 3 mwa ki kòmanse 1ye novanm 2021 jiska 31 janvye 2022, pou bay yon bourad resotran yo te byen bezwen pandan y ap redrese aprè COVID-19 al epi y ap bay non egzanp pou chanje kilti travay nan sektè ekonomi sa a. Pwogram sa a se yon patenarya ant Biwo Devlopman Ekonomik (Office of Economic Development) ak Biwo Devlopman Mendèv (Office of Workforce Development).

Ankourajman yo disponib bay travayè yo ki atanplen oswa atan pasyèl nan yon restoran RRP patisipan pandan omwen 3 mwa.

Discover Dekouvri restoran Boston yo ki bay bon egzanp epi ki pare pou anboche nan: [Boston.gov/RestaurantJobs](https://www.boston.gov/restaurantjobs)

Ou gen kesyon? Kontakte:

SMALL BUSINESS UNIT
617-635-0355
SMALLBIZ@BOSTON.GOV

Restoran yo nan Boston ap bay bon egzanp pou sipòte travayè yo grasa bonis retansyon, ogmantasyon salè ak èd pou peye lekolaj ak pou fòmasyon.

Kijan restoran Boston yo ki nan pwogram sa a ap sipòte w:

- **Bonis Retansyon \$900** pou chak travayè (\$300 pou 3 mwa), yo remèt ou aprè ou fin pase 3 mwa ap travay nan yon anplwayè patisipan.
- **Yon Salè Ekitab** (\$12.75 pou chak èdtan) pou anplwaye ki resevwa poubwa (tip) pou mwa novanm 2021.
- **Jiska \$5,000 èd pou peye klas** ki konte pou kredi nan yon kolèj oswa yon inivèsite agreye, oubyen pou yon pwogram fòmasyon konpetasyon pwofesyonèl ki gen yon patenarya ak Biwo Devlopman Mendèv la. Yo bay finansman an nan lòd moun ki vini anpremye: premye moun ki vini, se li k ap resevwa finansman anvan.